# स्नातक उपाधि कार्यक्रम

## सत्रांत परीक्षा

## फरवरी, 2021

## बी.बी.एच.एफ.-001 : भोजपुरी में आधार पाठ्यक्रम

*समय : 2 घण्टे* *अधिकतम अंक : 50*

***नोट :*** *सभे प्रश्नन के उत्तर देवे के बा ।*

**1.** नीचे लिखल वाक्य में से सही अथवा गलत के पहचान करीं । *5*

(क) 'भोजपुरिया लोक संस्कृति' डॉ. कृष्णदेव उपाध्याय के लिखल पुस्तक ह । ( ) सही ( ) गलत

(ख) भोजपुरी के आदि कवि सरहपा के मानल जाला । ( ) सही ( ) गलत

(ग) दरियादास के भाषा शाहाबाद के भोजपुरी ह । ( ) सही ( ) गलत

(घ) 'के कहल चुनरी रँगाला' एगो निबंध संग्रह ह । ( ) सही ( ) गलत

(ङ) पुरानी राजस्थानी के 'जूनी गुजराती' भी कहल जाला । ( ) सही ( ) गलत

**2.** खाली स्थान में सही उत्तर भरीं । *5*

(क) मैथिली आ मगही ई दूनों भोजपुरी के ________ हई सन । (सगी बहिन / चचेरी बहिन)

(ख) सिद्धन के संख्या __________ मानल जाला । (चौरासी / बावन)

(ग) कबीर साहेब __________ के रहनी । (प्रयाग / बनारस)

(घ) भोजपुरी भारत के लगभग __________ हजार वर्ग मील के बेवहारिक भाषा ह । (सैकड़न / पचासो)

(ङ) भोजपुरी भाषा के __________ तेजी से हो रहल बा । (मानकीकरण / ह्रास)

**3.** नीचे लिखल कवितांश के सप्रसंग व्याख्या करीं । *7*

तोर हीरा हेराइल बा किचड़े में । टेक ।

कोई ढूँढ़े पूरब पच्छिम, कोई ढूँढ़े पानी पथरे में । 1 ।

सुर नर मुनि अरू पीर औलिया, सब –

भूलल बाड़े नखरे में । 2 ।

दास कबीर ये हीरा को परखै, बाँध लिहले –

जतन से अँचरे में । 3 ।

**4.** रजाई कहानी के मुख्य पात्र 'कंगाली' के चरित्र-चित्रण संक्षेप में लिखीं । *7*

5. 'खटिया' निबंध के संरचना शिल्प पर एगो आलोचनात्मक आलेख लिखीं । *7*

6. 'गबरघिचोर' के कथा-सार लिखीं । *7*

7. आपन जनम दिन पर मिलल उपहार के खुशी में बाबूजी के लगे एगो पत्र लिखीं । *5*

8. भोजपुरी लोकगीत पर एगो निबंध लिखीं । *7*